



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 31 oktòb 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPRIYETÈ KAY YO P AP GEN POU PEYE
FRANCHIZ AKÒZ OURAGAN AN**

*Depatman Sèvis Finans Ap Travay san Pran Souf avèk Konpayi Asirans yo pou Fasilite
Repons pou Pwopriyetè Kay ki Fè Pèdans
Nouyòkè yo Kapab Rele Liy Dirèk Katastwòf DFS pou Jwenn Èd*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse pwopriyetè kay New York yo p ap gen pou peye gwo franchiz posib akòz ouragan an nan reklamasyon asirans yo akòz domaj ki fèt nan tanpèt lendi a.

Depatman Sèvis Finansye Eta New York fè konpayi asirans yo konnen yo pa ta dwe reklame franchiz pou tanpèt sa a. Sa ap evite pwopriyetè kay ki sou lakòt la gen pou peye franchiz nan kontra asirans yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Pwopriyetè kay yo pa ta dwe gen pou peye franchiz pou domaj akòz tanpèt la, epi konpayi asirans yo ta dwe konprann Depatman Sèvis Finansye ap kontwòle reklamasyon y ap travay sou yo a.”

Anpil kontra asirans pwopriyetè kay pou kay ki nan pati sid eta a gen franchiz pou ouragan ki baze sou yon pousantaj valè asire yon pwopriyete. Anjeneral, franchiz sa yo varye ant yon pousan valè asire yon kay ak senk pousan. Pa egzanp, avèk yon franchiz senk pousan sou yon kay ki asire pou \$300.000 dola, pwopriyetè kay la ta gen pou peye pou premye \$15.000 dola domaj la.

Benjamin M. Lawskey, Sipè-Entandan Sèvis Finansye, di konsa, “Nou te fè konpayi asirans yo konnen franchiz pou ouragan an pa nesè paske Sandy pa t gen gwo van ouragan lè li te frape nan New York. N ap travay avèk konpayi asirans yo pou ede yo reponn vit otank posib pou pwopriyetè ki bezwen fè reklamasyon. Epitou n ap voye sant kòmman mobil nou nan zòn ki frape di yo pou ede konsomatè ki gen kesyon ak pwoblèm sou asirans yo.”

DFS ankouraje pwopriyetè kay ki fè pèdans pwopriyete pou yo fè reklamasyon asirans nan konpayi asirans yo san pèdi tan apre yo fin fè pèdans yo. Li enpòtan pou bay nimewo kontra yo ak tout enfòmasyon ki itil pou pèdans lan. Pou byen note pèdans lan, pwopriyetè kay yo ta dwe fè foto oswa videyo ki montre limit pèdans yo anvan yo netwaye domaj la.

Pwopriyetè kay yo ta dwe fè sèlman reparasyon ki nesèsè pou evite lòt domaj nan kay yo, tankou kouvri fenèt ki kase yo. Reparasyon pèmanan yo pa ta dwe fèt jouk apre lè konpayi asirans yo enspekte pèdans yo. Byen pèsònèl ki domaje ta dwe konsève jouk apre yo jwenn yon aranjman avèk konpayi asirans lan.

Answit, pwopriyetè kay yo ta dwe kolabore nèt avèk konpayi asirans yo, epitou yo ta dwe konsève yon jounal tout konvèsasyon yo fè avèk ajans asirans lan, tankou non ajan an, ak lè ak dat tout koutfil oswa vizit yo.

Yo fè pwopriyetè kay yo sonje domaj inondasyon garanti sèlman nan asirans pou inondasyon, ki se yon pwogram federal FEMA ap administre. Pwopriyetè kay ki gen asirans pou inondasyon epi ki gen domaj lakay yo akòz inondasyon yo ta dwe fè reklamasyon nan asirans sa a.

DFS ap voye sant kòmman mobil li nan zòn ki frape di yo pou ede konsomatè ki gen kesyon ak pwoblèm sou asirans yo.

DFS te aktive yon Liy Dirèk pou Katastwòf pou reponn kesyon kliyan yo epi pou bay èd pou pwoblèm yo. Nimewo Liy Dirèk pou Katastwòf la se 800-339-1759. Li gen anlwaye ladan lendi – vandredi ant 8 AM ak 8 PM, epi samdi ak dimanch ant 9 AM ak 4 PM.

Pwopriyetè kay ki pa kapab rezoud konfli yo avèk konpayi asirans yo kapab pote plent sou Entènèt nan sitwèb <http://www.dfs.ny.gov/consumer/fileacomplaint.htm>.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418